

## BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksen DTaP (Difteri, Tetanòs, Koklich): Sa Ou Bezwèn Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Anpil Biltén Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

### 1 Poukisa ou dwe pran vaksen?

Vaksen DTaP kapab pwoteje ptit ou a kont **difteri**, **tetanòs** ak **koklich**.

- **DIFTERI (D)** kapab lakoz pwoblèm respirasyon, paralizi, ak ensifizans kadyak. Anvan vaksen yo, difteri te tiye plizyè dizèn milye timoun chak ane Ozetazini.
  - **TETANÒS (T)** lakoz kontraksyon ak gwo doulè nan misk yo. Li kapab lakoz machwa a “sere” pou pa kapab louvri bouch ou oswa vale. Anviwon yon moun sou senk ki trape tetanòs mouri.
  - **PÈTISIS (aK)**, moun konnen li tou sou non Koklich, lakoz gwo grip ki rann li difisil pou ti bebe ak timoun yo manje, bwè oswa respire. Li kapab lakoz nemoni, kriz, lezyon serebral oswa lanmò.
- Pifò timoun ki te vaksinen ak DTaP pral pwoteje pandan tout anfans yo. Pifò timoun ki te vaksinen yo t ap genyen maladi sa yo si nou te kanpe vaksen an.

### 2 Vaksen DTaP

Anjeneral timoun yo ta dwe pran 5 dòz vaksen DTaP, yon dòz nan chak tranch laj sa yo:

- 2 mwa
- 4 mwa
- 6 mwa
- 15-18 mwa
- 4-6 lane

Yo kapab bay DTaP nan menm moman ak lòt vaksen yo. Epitou, kèk fwa yon timoun kapab resevwa DTaP ansanm ak youn oswa plizyè lòt vaksen nan yon sèl enjeksyon.

### 3 Kèk timoun pa ta dwe pran vaksen DTaP la oswa ta dwe tann

DTaP fèt sèlman pou timoun ki pi piti pase 7 lane. Vaksen DTaP pa fèt pou tout moun—yon ti kantite timoun ta dwe resevwa yon vaksen differan ki genyen sèlman difteri ak tetanòs olye de DTaP.

Pale ak founisè swen sante ou la si ptit ou a:

- te fè yon **reyakson alèjik aprè yon premye dòz DTaP**, oswa si li te fè nenpòt **alèji grav oswa mòtèl**.
- te fè yon **koma oswa yon kriz repetitif dirab nan 7 jou aprè yon dòz DTaP**.
- te gen **kriz oswa yon lòt pwoblèm sistèm nève**.
- te genyen yon pwoblèm ki rele **Sendwom Guillain-Barré**.
- te genyen **doulè grav oswa enflamasyon aprè yon premye dòz DTaP** oswa vaksen DT.

Nan kèk ka, founisè swen sante ou a kapab deside pou ranvwaye vaksinasyon DTaP ptit ou a pou yon lòt randevou.

Timoun ki genyen maladi ki pa grav tankou yon grip, kapab vaksinen. Anjeneral timoun ki genyen maladi ki pa tèlman grav oswa ki grav ta dwe tann jiskaske yo geri anvan yo pran vaksen DTaP.

Founisè swen sante ou a kapab ba ou plis enfòmasyon.



U.S. Department of  
Health and Human Services  
Centers for Disease  
Control and Prevention

## **4 Risk nan reyakson pou yon vaksen**

- Woujè, doulè, enflamasyon ak yon sansiblite lè yo touche kote enjeksyon an te antre komen aprè DTaP a.
- Kapab gen lafyèv, ajitasyon, fatig, mank apeti, ak vomisman 1 a 3 jou aprè vaksen DTaP a.
- Plis reyakson grav, tankou kriz, kriye san rete pandan 3 èdtan oswa plis, oswa gwo lafyèv (plis pase 105°F) aprè yo bay vaksen DTaP pa rive souvan. Yon lè konsa, yon enflamasyon parèt aprè vaksen an nan tout bra a oswa janm nan, espesyalman lakay timoun ki pi gran yo lòske yo resevwa katriyèm oswa senkyèm dòz yo.
- Kriz alontèm, koma, pèt konsyans, oswa lezyon serebral ka rive yon lè konsa aprè vaksen DTaP a.

Menmjan pou tout medikaman, pa genyen anpil chans pou vaksen an pwovoke yon reyakson alèjik grav, lòt blesi grav oswa lanmò.

## **5 E si genyen yon pwoblèm ki grav?**

Yon reyakson alèjik grav kapab prezante aprè timoun nan kite klinik la. Si ou wè siy yon reyakson alèjik grav (itikè, enflamasyon vizaj ak göj, difikilte pou respire, akselerasyon ritm kadyak, etoudisman oswa feblès), rele 9-1-1 epi mennen timoun nan nan lopital ki pi pre a.

Pou lòt siy ki ba w enkyetid, rele founisè swen sante ptit ou a.

Reyakson grav yo ta dwe deklare nan Sistèm Deklarasyon Efè Endezirab ki Lye ak Vaksen an (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Anjeneral doktè ou a ap fè rapò sa a oswa ou kapab fè li pou kont ou. Al gade nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele **1-800-822-7967**. VAERS la sèlman pou deklare reyakson yo, li pa bay konsèy medikal.

## **6 Pwogram Konpansasyon Nasional pou Victim Vaksen yo**

Pwogram Konpansasyon Nasional pou Victim Vaksen yo (Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo te kreye pou konpanse moun ki petèt te pran chòk akoz kèk vaksen. Al gade nan [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele **1-800-338-2382** pou jwenn enfòmasyon konsènan pwogram nan epi kòman pou fè yon reklamasyon. Gen yon tan limite pou fè yon reklamasyon pou konpansasyon an.

## **7 Kijan mwen kapab aprann plis?**

- Mande founisè swen sante ou la.
- Rele depatman sante lokal la oswa depatman sante Eta kote w ap viv la.
- Kontakte Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon an (CDC):
  - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Al gade nan [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines)

Bilten Enfòmasyon sou Vaksen (Pwovizwa)  
**Vaksen DTaP (Difteri, Tetanòs, koklich)**



Pou itilizasyon  
biwo sèlman